

# 24 mas

**(Mèt la di :) Mwen vle bay sa ki vin an dènye a menm bagay avèk ou. Eske se lalwa ki pa pèmèt mwen fè sa m vle ak byen mwen? Oubyen, èske se mechanste ki gen nan je ou, dèske mwen se yon bon moun? Matye 20. 14, 15**

## **Travayè dènye lè a**

*Kèk parabòl; Matye 20. 1-16*

*Rezime* : Yon nonm t ap chèche kèk travayè pou travay nan chan rezen li an. Depi bajou kase, li anboche plizyè moun, li di yo salè yo : yon “denye” pou tout jounen an. Twazè aprè sa, epi twazè pi ta ankò, li anboche kèk lòt ankò e li pwomèt yo pou ba yo yon salè ki jis. Finalman, inè avan travay la bout, li jwenn kèk ankò e li anboche yo ak menm pwomès la. Nan fen jounen an, tout moun jwenn menm kantite kòb : yon dènye ! Premye yo pa dakò, men mèt la reponn yo li respekte salè yo te antann nan, menm lè li bon anvè lòt yo.

*Siyifikasyon* : Mèt la, se Senyè a. Travayè yo, se kretyen ki gen privilèj pou sèvi Bondye. Kèk nan yo te konnen epi sèvi l depi yo tou piti, kèk lòt te rankontre l, lè yo fin granmoun. Kèk nan yo t ap fè yon travay piblik, lòt yo ta sanble fè yon ti travay tou piti pou li...

*Aplikasyon* : Petèt n ap pran pou travayè ki pa t kontan yo? Epoutan premye yo te “tonbe dakò” ak mèt la pou yon dènye pa jou e yo te jwenn sa li te pwomèt la. Lòt yo te fè l konfyans e yo te fini pa konnen bonte li.

Chak travayè gen pou wè ak mèt la. Senyè a apresye dabò yon senp konfyans nan jistis ak lanmou li. Se ak lafwa nou kontinye sèvi li, san nou pa enkyete pou rekonpans lan, ni konpare nou ak lòt yo. Gras Senyè a pran plezi nan rekonpanse moun ki pa gen gwo lide. Ala yon gras mèvèye ki sove m !

# 24 mars

**(Le maître dit :) Je veux donner à celui-ci, le dernier, autant qu'à toi. Ne m'est-il pas permis de faire ce que je veux de ce qui m'appartient ? Ton œil est-il méchant, parce que moi je suis bon ?** Matthieu 20. 14, 15

## **Ouvriers de la dernière heure**

*Quelques paraboles ; Matthieu 20. 1-16*

*Résumé* : Un homme recherche des ouvriers pour travailler dans sa vigne. Dès le matin, il en embauche plusieurs en convenant du salaire : un “denier” pour la journée. Trois heures plus tard, puis trois heures encore après, il en engage d'autres en leur promettant qu'ils recevront ce qui sera juste. Enfin, une heure avant la fin du travail, il en rencontre encore et les engage avec la même promesse. À la fin de la journée, tous reçoivent la même somme : un denier ! Les premiers contestent, mais le maître répond qu'il a respecté le salaire convenu, tout en étant bon avec les autres.

*Signification* : Le maître, c'est le Seigneur. Les ouvriers sont les croyants qui ont le privilège de le servir. Certains l'ont connu et servi dès leur enfance, d'autres l'ont rencontré au soir de leur vie. Les uns ont eu un service public, les autres semblent avoir fait bien peu pour lui...

*Application* : Peut-être prenons-nous le parti des ouvriers mécontents ? Pourtant les premiers étaient “tombés d'accord” avec le maître pour un denier par jour et ils ont reçu la somme convenue. Les suivants lui ont fait confiance et ils ont pu apprécier sa bonté.

Chaque serviteur a affaire au Maître. Le Seigneur apprécie avant tout la simple confiance en sa justice et en son amour. C'est par la foi que nous continuons à le servir, sans nous préoccuper de la récompense, ni nous comparer aux autres. La grâce du Seigneur se plaît à récompenser ceux qui n'ont pas de prétentions. Merveilleuse grâce qui m'a sauvé !